

SDG Yegumi Nesere Yekuenzana Kwevechidiki

U.N. SUSTAINABLE DEVELOPMENT GOALS

Hurongwa hwekuwedzera SDG yegumi nesere inozivikanwa neUnited Nations

Ramangwana revechidiki harina rutsigiro kana ramangwana revechidiki risina kutsigirika



Hurongwa hweayikoni yeSDG yegumi nesere yekuenzana kwevechidiki

Hurongwa hweayikoni-Musoro

Tsananguro: *Kuenzana kwevechidiki:* Kupa kuenzana kwemukana kwezviwanikwa kune vechidiki pasi rose. Ramangwana revechidiki harina rutsigiro kana ramangwana revechidiki risina kutsigirika.

Ruvara: Pepuru inozivikanwa seruvara runomirira shanduko, kubatana nesimba. Nyaya yedu inofambirana nezvinoziva ruvara uru. Ine hex kodhi inoti #9c48b4.

Chiratidzo: Tirikupatsanura zvinoreva 'kuenzana' na 'ruenzano' nekuratidza pachena kupanana kwakaenzana kwezviwanikwa mayererano nekuti mumwe nemumwe anodei kuti pave nechinangwa chakajairika. Mumwe nemumwe akamirirwa pasina kuti murume here kana kuti mukadzi kuitira kuti zvisanganisire vanhu vese vechidiki.

Zviyero: Tine hurongwa hwekuti tisanganisirwe patsananguro yevechidiki yeUnited Nations (kubva pamakore gumi neshanu kusvika pamakore makumi maviri nemana) muzviyero zvedu, tinoshuvira kuwedzeredza boka rinosanganisira vanhu vane makore aripasi pamakumi matatu neshanu kuitira kuti boka ritangire pamakore gumi neshanu kusvikira pamakumi matatu neshanu.

Zvinangwa neZviratidzo:

Chinangwa cheSDG	Zviratidzo
Goal 18. Kubudirira kwekuenzana kwevechidiki nekusimidzirwa kwemazano vechidiki mayererano nemagariro avo nezviwanikwa zvakasiyana siyana.	
18.1 Kuwedzera uhwandu hwevatungamiriri hwevechidiki, kusanganisira masangano akasiyana siyana	<p>18.1.1 Kuti vechidiki vapinde muurongwa hwepasi rose.</p> <p>18.1.2 Chikamu chevechidiki muzvigarozvehutungamiriri.</p> <p>18.1.3 Kuti vana nevechidiki vapinde muchikwata chevechidiki.</p> <p>18.1.4 Chikamu chevatungamiriri vechidiki tichienzanisa (nechikamu chevatungamiriri</p>

	<p>chevanhu vakuru).</p> <p>18.1.5 Chikamu chevamiriri vechidiki munzvimbo dzeitungamiriri.</p> <p>18.1.6 Chikamu chevanhu vanozviona vari mumapazi evatsigiri vechidiki munyika yavo, munharaunda yavo nepasi rose.</p>
<p>18.2 Kuwedzera kumirirwa kwevechidiki pakugadzirwa kwemitemo nekuironga pasi rose, munyika yavo nemunharaunda yavo.</p>	<p>18.2.1 Chikamu chezvigaro zvevechidiki (a) mumapoka epasi rose, (b) mudare reparamende yenyika (c) nehurumende yemunharaunda.</p> <p>18.2.2 Nhamba yemutemo yakagadzirwa kana kuiswa nevatsigiri vechidiki.</p> <p>18.2.3 Nhamba yenyika dzine mitemo inokurudzira kuti vechidiki vapinde mune zvevatongerwe enyika nezvisiri zvevatongwerwe enyika.</p> <p>18.2.4 Chikamu chevechidiki mubhodhi rekupa mazano (pasi rose kana kuti panyika).</p>
<p>18.3 Kusimbisa kudzivirira nekuchengetedza nharaunda yedu mugumiro kuti paitwe sarudzo isingazokanganise zvizvarwa zvamangwana.</p>	<p>18.3.1. Chikamu chenye chine zviro zvinokwanisa kutireka nekugadzira zvekuenzana kwevechidiki nekuti zvatinoita nhasi zvinofana kuchengetedza pasi rose nezvizvarwa zvichauya.</p>
<p>18.4 Kuvimbisa kuti vechidiki vose vave nemikana kuti vabudirire muzvidzidzo.</p>	<p>18.4.1 Chikwati chevana nevechidiki vanozvitemba mu :</p> <p>(a) Zvidzidzo zvehukama nepfungwa muenzaniso unoti, kuzivikanwa zvauro, kuzvigadzira pachako, kubuditsa gumusiro yawakatarisa pachako semudzidzi, unyanzvi hwemagariro evanhu, unyanzvi hwezvemari; ne</p> <p>(b) Unyanzvi wekugadzirirwa kweutangamiriri hwevechidiki.</p>
<p>18.5 kuchengetedza kuwedzera</p>	<p>18.5.1 Vangani vechidiki vakaita zvidzidzo</p>

<p>kwekudzidza kwevechidiki kuverenga zvemari nemukana yekuita zveabhengi vakazvimiririra kusanganisira zviwanikwa, zvikwereti, nezvakasiyana siyana.</p>	<p>zvemari mumwedzi gumi nembiri wakapfuura, vachiiswa maererano nekuti mukadzi here kana kuti murume.</p> <p>18.5.2 Chikwata chevanhu muzera roga roga vanokwanisa a) zvidzidzo zvekuverenga zvemari (b) unyanzvi pazvidzidzo zvevanhamba zvemari, maererano nekuti uri murume here kana kuti mukadzi.</p> <p>18.5.3 Zviyero zvekuti tione i)Zvidzidzo zveugari zvepasi rose ii) Zvidzidzo zvetsigiri yebudiriro yeruzhinji (a) Urongwa hwedzidzo yenyika; (b) Kudzidza kwakarongwa; (c) Kudzidza kwevarairidzi; ne(d) Kuongorora mudzidzi.</p> <p>18.5.4 Chikwata chevechidiki vane kutambudzika mupfungwa nekuda kwezvikwereti.</p> <p>18.5.5 Chikwata chevanhu vanovimba kuti kuita chisarudzo chezvemari kunosanganisira makore ako, kuti uri murume here kana mukadzi, uri muchikwata chipi chevanhu, uye une urema here.</p>
<p>18.6 Kugadzira mutemo wekuvimbisa kuchengetedzwa kwepahindaneti kwevana nevechidiki.</p>	<p>18.6.1 Chikamu chevanhu chinonzwa kuti dhata ravo rakachengetedzeka pahindaneti.</p> <p>18.6.2 Chikwata chevanhu vanosangana ne(a) Mhirizhonga yepahindaneti, (b) Mhirizhonga yemupfungwa, (c) Mhirizhonga yepabonde yepamavhidhiyo, ne(d) Mhirizhonga yepanyama inokonzereswa nekudhererwa pahindaneti.</p> <p>18.6.3 Kuvepo kwemapoka anomirira kodzero dzevanhu nezve matongerwo ezvepahindaneti.</p> <p>18.6.4 Chikwata chenyika dzine zviro zvinotireka nyika nekugoverwa kwekuchengetedzeka kwezvakavanzika zvevanhu nedhata pahindaneti.</p>

Sumo




Takatenderedzwa nematambudziko akawanda akasiyana siyana, matambudziko ekuti zvizvarwa zvanhasi nezvizvarwa zvichauya zvichatakura mutoro uyu kwehupenyu hwavo hwese. Nekutevera kwedenda reCovid 19, kukura kwehuwandu hwevanhu hwevechidiki kuri kunzi “kurasika kwezvizvarwa”. Unganidzo yetsvakurudzo inoratidza kuti chikwata chevanhu vane gumi neshanu kusvika makumi maviri nemana chichakura kusvikira pa11% kubva mugore ra2020 kusvikira mugore ra2050, izvi zvinopa dambudziko pasi rose kuti vakasike kudaira kuzvido zvezvizvarwa zvevechidiki.

Pasinei nekukura kwehuwandu hwevechidiki, utsigo hweupenyu hwaizvezvi newe mangwana hauna chokwadi. Tirikushandisa makore edu ehudiki pazvidzidzo nekumabasa munguva yemhirizhonga yezveupfumi hwenyika, kupatsanurwa mumagariro edu, mhirizhonga dzematongerwe enyika, nekupfuurira kwedambudziko remamiriro ekunze. Muzinga wevechidiki vasina mabasa, vasina dzidzo sezvakatsvakurudzwa ne (NEET) anoramba achitadzisa vechidiki kuti vakwanise kusvika pavanofanira kusvika. Takuisa muchidimbu kuti titsanangure udzvinyiriri uhu:

- Mubodzi pane vechidiki vashanu, havasi kukwanisa kuwana unyanzvi hwekurama kuburikidza nedzidzo kana kumabasa.

- Boka repasi rose rinonzi NEET rinoti:(ILO 2019) **30% yevanhukadzi ne 13% yevanhurume** vechidiki havasi kukwanisa kuwana unyanzvi hwekurarama kuburikidza nedzidzo kana kumabasa.
- Boka reNEET revechidiki harina tsvakuridzo izere nekuti dande mutande haina kupfumbira nyika dzose.

**FIGURE 6. YOUTH NEET RATES,
MOST RECENT ESTIMATES (2000-2018)**



Source: DESA, based on ILOSTAT, country profiles.

The boundaries shown and the designations used on this map do not imply official endorsement or acceptance by the United Nations.

Mepu iyi inoratidza tsvakurudzo ichangobva kuitwa neBoka reNEET revechidiki kubva mugore ra2000 kusvika 2018. Kwakabva tsvakurudzo kuDESA, zvakava paILOSTAT, panyika dzakadomwa. Munganhu nemazita zvakaratzidzwa pamepu iyi, hazvirevi kuti zvatsigirwa kana kugamuchirwa neboka reUnited Nations.

Nhamba idzi ishoma shoma pane mamiriro ezvinhu chaiwo arikusangana nevechidiki pasi rose. Sezvo zvatinaita nhasi zvichironga mamiriro eramangwana, tinofana kubvunza kuti, sei pfungwa dzevechidiki dzisiri kukosheswa pamusoro pehurukuro yepasi rose yeramangwana rine chekuita navo?. Vechidiki vedu vakabatana kuti vachengetedze zveramangwana repasi rose sezvisati zvamboitwa nezvizvizvarwa zvekumashure. Zvepasi

rose zvichibetseredzwa nehumhizha zvabetsera senzira yekuwanda kweruzivo nenjere, pasina bopoto, munhu wenguva ino akachenjera kudarika nguva dzose dzakamboraramwa pasi pano. Kubudikidza kwekubuditswa pachena kwemaonero matsva aya uye nezvakamboraramwa nevamwe, tinekunzwisisa kwakanyanya. Tinonzwa kuti kusangana kwepasi rose kuita chinhu chimwe kwatipa mamwe maonero ekutakura mutoro wepasi rose, aya ndiwo maonero anodiwa kuti pagadzirwe urongwa nemurayiro wepasi rose.

Zvatinoramba tichifambira mberi pakugadzira mhinduro yepasi rose, zvakakoshesa kuti tinyatsokoshesa zvizvarwa zvichauya zvamangwana. Vechidiki vakagara vane basa guru rakakosha mukurarama kwedu, pakudiwa chiito pane zvizvarwa zvechidiki zvisati zvakamboonekwa kuitira kubudirira pamwe chete.

Hurongwa hwedu

United Nations Sustainable Development Goals ibazi rakakosha pakutsvaga matambudziko epasi rose pamusoro pekugadzira zvinanagwa zvepasi rose. Tine hurongwa hwekuti pawedzerwe Sustainable Development Goal yegumi nesere yekuenzana kwevechidiki, sezvo ichiisa zvose mukati zvevatambudziko epasi rose akatitarisa sechiratidzo chekushingirira kwedu kune ramangwana redu neremangwana remunhu wese. Boka rinonzi Global Futurist Initiative, pamwe chete nemamwe mapoka evechidiki, vanga vachiita tsvakurudzo kuti vangaite sei kuti pfungwa ye "SDG yegumi nesere yekuenzana kwevechidiki" itambirike panguva ino neinotevera pazvinangwa zvepasi rose. Nechinangwa cheku simbisa kuti pfungwa idzi dzireve zvinoda kuti dzireve, takavimbisika tichitevedzera bazi rinoita kuti kumagumo pazove neSDG yegumi nesere yekuenzana kwevechidiki.

Mamiriro ezvinhu evechidiki anosiyana siyana zvichienderana neboka rako, nyika yako, nenzvimbo dzepasi rose. Tinovimba kuti chiito cheshanduko zhinji chinoitika kana taunganidza boka revechidiki repasi rose kuti riite mufambiro wakafanana asi pfungwa iyi yakabereka here zvakakodzera zvinokonzeresa budiriro yevanhu. Tirikurudunura dzitsi reSDG yegumi nesere yekuenzana kwevechidiki asi tinozvisiira vakuru kuti vagadzire kuti chinangwa chacho chichashandiswa sei. Zvakare, tinovimba kuti pfungwa iyi ichakonzeresa shanduko shoma, zvichapa matangi akakosha

mumafambiro epasi rose. Kugadzirwa kwezvinangwa nezviratidzo, kunogona kutevedzera bazi nekuwedzerwa kana kubviswa kwemusoro wenyaya warondedzerwa papfungwa iyi, kana kuri kugadzirwa kwezvinangwa zvinobatika, tinoona kuti pane kushaikwa kwekugoverwa kwedhata nedande mutande zvinoita kuti tinzwisise zvakasiyayana mumagariro evechidiki. Nechikonzero ichocho, tinovimba kui tiise vatungamiriri venzvimbo kuti vagadzire zvinangwa zvakanangana navo zvinopa nzira yeshanduko inovaka. **Sevechidiki isusu hatishuvire kukuudzirai, asi kubetsera nekutungamira pabudiriro yevechidiki.** Hurongwa hwedu hwakatarisana nezvinotevera zvinosanganisira zvakabuditswa mugungano yevechidiki:

- **Kukwanisa kuwana:** Kuvimbisa kuti vechidiki vakwanise kuwana zviwanikwa kuti vaite hupenyu hwakanaka.
- **Kusanganisirwa:** Kuvimbisa kuti vechidiki nemamiriro ezvinhu muhupenyu hwavo zvichaitwa ongororo pasi rose.
- **Kuzvidavirira:** Kuvimbisa kuti vechidiki vazvidavirire pamabasa akuda kuitwa, simba rikuda kuiswa, mumafambiro echinangwa cheve chidiki.
- **Kupa masimba:** Kuvimbisa kuti vechidiki vachapihwa simba nemukana wekusimudzira mazwi avo.

2030

Kuenzana kwevechidiki kwakakosha pamamiriro ezvinhu epasi rose asi zvirikushaya anonyatsomiririra nyaya iyi. Sezvo vechidiki varikurarama munyika yakazara nemamiriro ezvinhu akaoma, zvekugadzirisa chinangwa chepasi rose nekuvakwa kwemhinduro kunofana kuisa mupfungwa zvingasanganikwe nazvo nevechidiki. Nechikonzero ichi tine urongwa hwekuti chinangwa ichi chiiswe muboka ragara riripo regumi nenomwe reUnited Nations Sustainable Development Goals.

Kumberi kwa2030

Zvinangwa pamusoro peSDG yegumi nesere yekuenzana kwevechidiki zvichadarikira 2030 uye zvicharamba zviri mhinga mupinyu kuti vanhu vazviite. Kusiyanana


kwemhando yezvizvarwa muhupenyu kucharamba kuchingoshanduka kumunhu wese ari munyika nepasi rose. Tirikushingaira kuti paiswe chinhu chatinoti 'mutongo wenguva pfupi' kuchengetedza ramangwana redu kuitira kuti vamwe vauye zvakanaka mumashure medu.

Zvakakosha kuti zvinangwa zvichagadzirwa kumberi kwa2020 zvifanane nezvinangwa zvakarondedzerwa neUN. Zvinofanira kunge zviri zvinangwa zvinoyereka uye zvinotevedzereka zvichizoshandisika munyika nepasi rose.

Mbiru, Zvinangwa, neZviratidzo

Mushure mekunge paitwa tsvakurudzo ine udzamu, tine urongwa hwekuti SDG yegumi nesere yekuenzana kwevechidiki ive nezvakasiyana siyana, ichimirira mamiriro ezvinhu echokwadi ezvirikusangana nevechidiki pasi rose.

Nenyaya yekukura kweSDG yegumi nesere yekuenzana kwevechidiki, tapatsanura chinangwa ichi mumabato nhanhatu ese ane tsananguro dzekuenzana kwevechidiki pasi rose.



-
- A. Utariri hwenharaunda yedu
 - a. Matongerwe enharaunda yedu-akabatanidzwa
 - b. Zviito zvemamiriro ekunze
 - c. Zvipenyu zvakasiyana siyana nekuchengetedza (zvipuka zvepasi, zvipuka zvemumvura).
 - B. Chiyero cheupenyu
 - a. Dzidzo
 - i. Kusimbisa kuti vechidiki vose mazera ose vave nemikana yakafanana mudzidzo yepuraimari neyesecondari
 - b. Kugadzirwa kwemabasa
 - c. Kudzidziswa
 - C. Mikana wekuwana zvivako zvinokosha pasi rose
 - d. a. Hutano nekuchengetedzeka
 - i. Utsanana
 - ii. Mvura yekunwa
 - e. b. Sevhisu yemari
 - f. c. Sevhisu yeruzhinji
 - i. Dhata
 - ii. Kodzero yevanhu munharaunda yavanogara
 - D. Budiriro pakati pevanhu
 - g. Dzidzo yepfungwa nehukama
 - i. Kuzivikanwa zvauri
 - ii. Kuzvigadzirisa pachako
 - iii. Kubuditsa gumisiro yawakatarisira pachako semudzidzi
 - iv. Unyanzvi hwemagariro evanhu
 - v. Unyanzvi hwezvemari
 - h. Zvirongwa zvekusimudzirwa kwevechidiki
 - i. Zvirongwa zvehutungamiriri hwevechidiki
 - ii. Unyanzvi pautungamiriri
 - i. Zwiwanikwa zvepasi rose
 - j. Kuchengetedzeka pahindaneti
 - i. Utano hwemupfungwa
-

-
- ii. Zvenyaya dzemunhu pachake
 - iii. Dhata
 - k. Unyanzvi hwekuziva zvepahindaneti
 - E. Kuvepo kwepfungwa nezvekuita zvevechidiki
 - l. Zviwanikwa zvakakosha
 - i. Kuvimbisa kuti pave nevamiriri vechidiki nekugadzira mikana wacho(vatungamiriri vechidiki nemapoka evechidiki)
 - m. Kuvakwa kwemasimba
 - i. Kusimudzira kuita kwemikana ishoma neyakawanda ishandiswe nevechidiki
 - n. Chimiro chinotsigira
 - i. Kukurudzira kuchinjana pazvizvarwa kusimbisa boka revechidiki kuitira zvido zvavo zvikosheswe.

Tinotarisa kuti mbiru yoga yoga ive nechinangwa chakasiyana siyana nechiratidzo chakafanirana nayo. Vechidiki vachigadzira bazi rinoenderera mberi, tine tariro yekushandisa rugwaro nechiratidzo ichi sechimiso chebatanidzo nechiiito chekuenderera mberi.

Saka, ruzivo rwehurongwa hwepfungwa dzedu uri pamusoro apa hwakakura, uye tine chinangwa chekusanganisira zvakawanda kuti tiise pfungwa dzevechidiki kusvika patinokwanisa zvinosanganisira asi zvinogona kupfura ipapa :vamiriri vechidiki, mapoka evechidiki, nemapoka ehurumende.

Kuwedzera

- A. Kana muchida ruzivo rwakawanda pamusoro pezve United Nations Sustainable Development Goals, ndapota kuti mudzoke kuchinyorwa ichi. Chinyorwa ichi chakatipa ruzivo rwakawanda kuti tigadzire SDG yegumi nesere yekuenzana kwevechidiki.

Chinyorwa ichi ndeche Global Futurist Initiative.
